



+509 31 70 33 34  
secretariat@fapm.ht  
390 Avenue John Brown  
Port-au-Prince Haïti  
www.fapm.ht

#### Initiateurs

#### Les Ex-Premiers Ministres

Jean Max Bellerive

Laurent Lamothe

Evans Paul

Enex Jean Charles

Jack Guy Lafontant

Jean Henry Céant

Joseph Jouthe

#### Réseaux Sociaux

@FAPMhaiti

Facebook

Twitter X

Instagram

LinkedIn

## RÈL PATRIYOTIK FOWÒM ANSYEN PREMYE MINIS YO (FAPM)

### BRASE LIDE, METE MEN, POU KOUVE LESPWA

Devan sitiyasyon malouk, ensekirite, grangou, chomaj k'ap dekonstonbre peyi nou AYITI. Nou menm kèk ansyen Premye minis peyi Ayiti, fè jefò, janbe tout baryè preji ak divizyon, pou kreye FOWÒM ANSYEN PREMYE MINIS REPUBLIK AYITI (FAPM).

Ki pèmèt nou, mele vwa nou ansanm, pou lanse yon gwo kout rèl patriyotik, bay tout konpatriyòt nou yo, anndan peyi a tankou aletranje.

Misyon FOWÒM ANSYEN PREMYE MINIS YO, se ankouraje deba tolerans, ant tout sektè, ki kwè yo konsène, nan gwo dram, kriz politik, kriz gouvènans, zak kidnaping ak lòt fòm vyolans gang ame, malsite ekonomik, dezaz natirèl, fenomèn rechofman klimatik, elatriye.

FOWÒM ANSYEN PREMYE MINIS YO, ap mande poukisa, 2 zan apre, Lajistis nan peyi nou, Ayiti, poko jije, ni kondane pèsonn, pami moun ki patisipe nan touye prezidan Jovenel Moïse, pandan li te sou pouvwa a, nan dat 7 jiyè 2021, anndan chanm lakay li, nan Peleren 5, Petyonvil.

FOWÒM ANSYEN PREMYE MINIS YO, se yon demach rasanbleman patriyotik, pou chèche chimen lavi miyò, pou tout Ayisyen.

FOWÒM ANSYEN PREMYE MINIS YO, se yon asosiyasyon ki rasanble kèk ansyen Premye minis, ki vle ankouraje dyalòg, favorize antant, pou peyi nou Ayiti, viv nan lapè ak respè lalwa, pou li fè pwogrè.

FOWÒM ANSYEN PREMYE MINIS YO, soufle lanbi refleksyon, pou atire investisman, kreye djòb, pou retire pèp la nan lamizè.

FOWÒM ANSYEN PREMYE MINIS YO di: li lè, pou nou sispann chirepit, pou retire peyi a, nan deblozay ak briganday, ki lage nou tout nan tray.

LIDE FOWÒM NAN : SE ANKOURAJE JEFÒ DEVLOPMAN PEYI A, POU NOU REJWENN DIYITE NASYON AN.

FOWÒM ANSYEN PREMYE MINIS YO, vle travay ak tout moun, sitwayen bòn volonte, ki kwè, Ayiti se peyi nou tout. Se nan tèt ansanm, ant jèn yo, fanm yo, moun nan dyaspora a, peyizan yo ak moun lavil yo, ki dwe voye jete, tout vye santiman rayisab, pou nou brase lide, mete men, pou kouve lespwa.

BRASE LIDE, METE MEN, POU KOUVE LESPWA, NAN PEYI NOU, AYITI

Pòtoprens, Ayiti, mèkredi 9 daou 2023

**Siyati Ansyen Premye Minis Ayiti**

**Toujours au service de la Patrie**